

September 14, 2020

Chè Fanmi,

Menm nan mitan tout chanjman sa yo, mwa septanm toujou rete tan ki pi enteresan nan ane a. Gen yon enèji pou reouvèti lekòl nan lè a atravè tout Vil la; edikatè, elèv ak fanmi ap prepare pou ane lekòl la kòmanse.

Epi nou tout nan Depatman edikasyon okipe tou. Nan lèt mizajou pou fanmi sou reouvèti lekòl sa a, mwen kontan pou pataje enfòmasyon enpòtan sou:

- Kalandriye lekòl 2020-21 an
- Asire ke vantilasyon nan lekòl ou a ap travay nan bon kondisyon
- Kòman pou al fè tès COVID-19 avan ane lekòl la kòmanse
- Kòman pou rete enfòm osijè ka COVID-19 nan kominote lekòl ou a

Panadan n ap prepare pou nouvo ane lekòl la, mwen vle reasire ou nou p ap kite anyen dèyè pou nou pwoteje elèv, edikatè ak fanmi nou yo. Se poutèt sa n ap ranfòse tout pwotokòl sante ak sekirite—soti nan vantilasyon rive nan kouvri figi, distans fizik, netwayaj aswè, ak lave/dezenfekte men. Se poutèt sa n ap mete tout enfòmasyon disponib pou piblik la.

Kòm alòdinè, ou ka jwenn tout enfòmasyon sou reouvèti lekòl nan schools.nyc.gov/returntoschool2020. Si w gen lòt kesyon sou enfòmasyon ki nan lèt sa a, tanpri kontakte direktè lekòl ou a. Ou ka jwenn paj pou lekòl pitit sou sitwèb nou an lè w itilize “Find a School” nan schoolsearch.schools.nyc. Enfòmasyon pou kontakte direktè lekòl nan chak pajwèb lekòl nan seksyon “School Contacts and Information”.

Mwen vle raple w tou yon mwayen enpòtan ou ka ede pwoteje kominote lekòl ou a konsènan vwayaj. Anpil eta toujou genyen yon nivo pwopagasyon COVID-19 ki trè wo - ou ka jwenn lis la nan ny.gov/traveladvisory. Nou priye tout moun ki abite Nouyòk pou evite ale nan eta sa yo, men si ou oblije ale nan youn nan zòn sa yo, w ap gen pou ranpli yon Fòm sante pou vwayajè eta Nouyòk epi mete w an karantèn pou 14 jou lè w retounen nan Vil Nouyòk - sa obligatwa dapre eta Nouyòk. Pou plis enfòmasyon sou fè tès, suiv tras COVID-19, ak kòman pou mete w an karantèn san danje, ale nan testandtrace.nyc.

Jou k ap vini la yo se pou nou fè tout bagay pare pou ane lekòl eksepsyonèl k ap vini an. N ap tann pou akeyi pitit ou a yon lòt fwa pou oryantasyon yon pati nan jounen an k ap kòmanse 16 septanm lan, ak enstriksyon jounen konplè ni miks ni adistans 21 septanm!

Avèk senserite,



Richard A. Carranza
Chanselye
Depatman Edikasyon Vil Nouyòk

Mizajou pou fanmi sou reouvèti lekòl September 14, 2020

Kalandriye lekòl

Dènyeman nou te anonse ane lekòl la ap kòmanse pou elèv Mèkredi 16 septanm avèk yon peryòd oryantasyon pedagogik yon pati nan jounen an. Jounen konplè aprantisaj ap kòmanse Lendi 21 septanm. Mwen kontan jodia pou pataje avèk ou yon kalandriye pou tout ane lekòl 2020-21 an nan schools.nyc.gov/calendar.

Gen kèk diferans enpòtan pou ane lekòl sa a nou ta renmen souliye:

- 16–18 septanm se enstriksyon adistans pou yon pati nan jounen an ki fèt pou fè pitit ou a pare pou aprantisaj ane sa a. Nou atann pou tout elèv patisipe. Lekòl ou a ap konfime avèk ou orè egzat pitit ou a epi y ap fè w konnen kòman pou log-in pou twa jou sa yo.
- 21 septanm se premye jou konplè ansèyman ak aprantisaj pou ni elèv ki chwazi aprantisaj totalman adistans, ni pou sa ki chwazi aprantisaj mik (kote yo pral aprann nan bilding lekòl yon pati nan semèn lan, epi adistans pou rès semèn lan).
- 3 novanm, Jounen eleksyon, aprantisaj adistans total pou tout elèv. Otrefwa, elèv pa t konn ale lekòl nan Jou eleksyon.
- Nan “jou nèj” - oswa jou bilding lekòl fèmen akòz ijans - tout elèv ak fanmi dwe planifye pou patisipe nan aprantisaj adistans.

Tanpri kontakte lekòl ou a si w gen nenpòt kesyon konsènan kalandriye lekòl la pou ane sa a.

Enspeksyon vantilasyon

Asire vantilasyon apwopriye se yon pati enpòtan pwotokòl sante ak sekirite nou an. Vantilasyon ki apwopriye kapab diminye nivo viris, ladan COVID-19, anndan bilding. Dapre ekspè sante piblik nan Vil nou an ak onivo federal, yon sal pa gen danje si gen lè k ap antre sòti ladan - kit se atravè yon fenèt ki ouvri oswa pa mwayen mekanik, tankou sistèm HVAC oswa aparèy ki trete lè a. Mwen kontan pou anonse nou fini avèk enspeksyon vantilasyon nan chak bilding lekòl leta Vil Nouyòk.

Men sa nou jwenn:

- Nan plis pase 64000 salklas nou enspekte, gen konfimasyon 96 pousan gen vantilasyon ki satisfè nòm sante ak sekirite Vil la.
- Kote yo te idantifye yon pwoblèm vantilasyon, DOE fè reparasyon rapidman. Nou deja fin rezoud ak fikse anpil pwoblèm.
- Dapre gid federal, n ap enspekte ak asire tou vantilasyon apwopriye nan twalèt, kuizin, al lòt kote elèv ak estaf itilize.
- Estaf oswa elèv pa pral itilize okenn sal ki gen pwoblèm vantilasyon ki pa rezoud avan premye jou konpè ansèyman ak aprantisaj jou 21 septanm lan.
- Ou ka wè rezilta enspeksyon nan lekòl pitit ou ye a si w ale nan schools.nyc.gov/ventilation.

Kòman pou fè tès pou COVID-19 avan ane lekòl la kòmanse

Li depann sou noutout pou kenbe kominote lekòl nou an ak fanmi yo ansekirite lè nou mete yon bagay pou kouvri figi nou, kenbe distans fizik nou, lave men nou souvan ak fè tès COVID-19 lan. Ede nou kenbe bilding lekòl nou yo ouvri ak kominote lekòl la ansante lè w al fè tès COVID-19 la avan bilding lekòl yo reouvri pou aprantisaj. Li pa prezante okenn danje, li gratis, ak fasil pou tout moun, kèlkeswa kondisyon imigrasyon oswa asirans ou. Pou jwenn yon adrès pou fè tès la bò lakay ou ale sou <http://schools.nyc.gov/covidtesting>.

Kòman pou rete enfòmè osijè ka COVID-19 nan kominote lekòl ou a

Li enpòtan pou lekòl ou a kapab kontakte w pou mete w okouran rapidman sou enfòmasyon esansyèl pou w konnen, ladan ka COVID-19 yo konfime nan lekòl pitit ou a. Tanpri anrejistre pou yon **Kont lekòl Vil Nouyòk (New York City Schools Account, NYCSA)** pou nou ka kontakte w pa telefòn, pa imèl oswa pa mesaj tèks. Avèk Kont NYCSA a, ou ka gen aksè nan nòt, orè, enfòmasyon sou mwayen transpò pitit ou a, ak plis toujou—kèlkeswa kote ou ye a, ak nan nèf lang DOE tradui yo. Pou ou kapab wè dosye pitit ou a, mande lekòl ou a yon Kòd pou kreye yon kont. Mwen ankouraje w pou kenbe enfòmasyon sou jan pou yo kontakte w ajou, pou lekòl ou a kapab jwenn ou si ta gen yon ijans. Si w pa gen yon kont, anrejistre pou youn jodia nan schools.nyc.gov/nycsa. Li pran senk minit sèlman!